



## Fason pou kontakte Depatman Taks pou Èd nan pwogram Offer in Compromise (Pwopozisyon Aranjman)

### Rezime pwogram lan

Pwogram Offer in Compromise (Pwopozisyon Aranjman) pèmèt kontribyab ki gen dèt taks akablan peye yon montan ki pi ba pou regle dèt sa yo. Ni moun ni biznis kalifye.

Men kijan pwogram lan fonksyone:

- Yon kontribyab bay Depatman Taks enfòmasyon an detay sou finans li, dèt taks li ak rezon ki fè li pa ka peye sa li dwe a.
- Sou baz enfòmasyon sa yo, kontribyab la ofri yon montan li vle peye pou regle dèt taks li. Kontribyab la pa oblije mete peman an ansanm ak pwopozisyon an.
- Lè sa estaf Depatman Taks la egzamine sa kontribyab la soumèt la epi li konsidere lòt faktè, tankou laj kontribyab la, kondisyon travay ak eta sante li.
- Si estaf Depatman Taks la aksepte pwopozisyon an, Depatman Taks ap diminye dèt taks kontribyab la nan montan yo dakò sou li a.

Pwogram Offer in Compromise (Pwopozisyon Aranjman) la aplike sèlman nan sitiyasyon espesyal – se pa tout kontribyab ki kalifye. Si w pa kalifye pou yon pwopozisyon aranjman, anvizaje lòt pwogram Depatman Taks ofri yo. Pa egzanp, plan peman se yon fason fasil e abòdab pou fin peye dèt taks ou apre yon sèten tan.

Kèlkanswa sa w fè, pa neglije dèt taks ou. Si Depatman Taks voye yon bòdwo oswa yon avi koleksyon ke w pa ka peye, li pi bon pou w kontakte nou tousuit. N ap egzaminen ka w la epi nou va travay ansanm ak ou pou jwenn yon solisyon.

### Fason pou detèmine si w kalifye pou pwogram lan

Pou kalifye pou yon pwopozisyon aranjman, ou dwe ranpli nenpòt yonn nan kondisyon sa yo:

- Ou pa ka peye dèt (dèt ou plis pase byen ou genyen).
- Yo te retire w pandan ane pase nan moun ki te fè fayit.
- Si w ta peye dèt taks ou ann antye, ou t ap fè fas ak *difikilte ekonomik egzajere*, ki vle di ou pa t ap kapab fè depans debaz ou bezwen pou w viv. *Depans debaz yo* se sa ki prevwa pou sante, byennèt ak pou pwodui revni pou oumenm oswa pou fanmi w. Se **moun** sèlman ki ka aplike pou alèjman dèt sou baz difikilte ekonomik egzajere.

### Fason pou w aplike pou pwogram lan

1. Ranpli bon fòm lan:

**Alontèm e final:** Si dèt taks ou te vin alontèm e final, itilize **Form DTF-4.1, Offer in Compromise For Fixed and Final Liabilities (Fòm Pwopozisyon Aranjman pou dèt alontèm e final)**.

**Apèl ofisyèl annatant:** Si w fè reklamasyon pou di gen dout sou montan ou dwe a, epi ou gen dwa kontestasyon ofisyèl ki annatant, itilize **Form DTF-4, Offer in Compromise For Liabilities Not Fixed and Final and Subject to Administrative Review (Fòm Pwopozisyon Aranjman pou dèt ki pa alontèm e final epi ki kapab sibi Egzamen Administratif)**.

2. Mete tout dokiman. Kèlkanswa fòm w ap itilize a, pa bliye mete tout sa yo:

- **Form DTF-5, *Statement of Financial Condition and Other Information*** (*Fòm Deklarasyon sou eta finans ak lòt enfòmasyon*)
- deklarasyon taks federal pou twa dènye ane yo
- yon rapò kredi ki gen mwens pase 30 jou
- etadkont labank pou 12 dènye mwa yo

Si w ap chache jwenn soulajman pou difikilte ekonomik, mete yon deklarasyon ki dekri difikilte ekonomik egzajere ou ta pral genyen an, ansanm ak tout pyès jistifikatif.

3. Poste yo nan:

**NYS TAX DEPARTMENT  
CED OFFER IN COMPROMISE UNIT  
W A HARRIMAN CAMPUS  
ALBANY NY 12227-5100**